Depistaj pou kansè nan kolon ak tès Cologuard® la



cologuard®
by EXACT SCIENCES

Tès Cologuard se pou fè depistaj kay adilt ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk pou kansè kolorektal. Rx only.

Tanpri gade enfòmasyon enpòtan sou risk yo sou do deplyan an.

Pou pran kontwòl sante w, fè depistaj pou kansè nan kolon

Kansè nan kolon an rete fòm kansè ki pi fasil pou evite.[1] Sa ka chanje avèk depistaj ki pi regilye.

9/10

Lè yo detekte kansè nan kolon nan premye etap li yo, 9 sou 10 moun ka siviv.[2*]

Anpil moun ki gen kansè nan kolon nan premye etap li yo pa gen okenn sentòm oswa istwa fanmi.[3]

Kansè kolon an se 3yèm kansè ki pi komen pami gason ak fanm.[4]

Sosyete Ameriken pou Kansè a rekòmande pou ou kòmanse fè tès depistaj a laj 45 ane.[5]

*Baze sou 5 ane suivi.

Konprann rezilta ou yo

Yon fwa laboratwa nou an fin resevwa echantiyon ou an, li anjeneral pran anviwon 2 semèn pou nou jwenn rezilta a.

Rezilta w la kapab swa negatif oswa pozitif.

Negatif: Yon rezilta negatif vle di tès la pa detekte ADN modifye ak/oswa san nan poupou w. Li pa pwobab pou ou gen kansè nan kolon oswa yon pre-kansè avanse. Gid yo rekòmande pou fè yon lòt tès depistaj 3 zan apre yon rezilta Cologuard negatif.[5]

Pozitif: Yon rezilta pozitif vle di tès la detekte ADN modifye ak/oswa san nan poupou w. Sa a se pa yon dyagnostik kansè. Si rezilta w la pozitif, pale ak founisè swen sante ou epi fè yon kolonoskopi.

Fo pozitif ak fo negatif rive.

Pifò plan sante yo kouvri yon kolonoskopi apre yon rezilta Cologuard pozitif kòm yon pati nan swen prevantif ak depistaj.

Ou vle plis enfòmasyon sou rezilta yo?

Gade videyo nou yo epi aprann plis sou **Cologuard.com/UnderstandingResults**

Tès Cologuard la fasil pou itilize epi li abòdab

Plis pase 96% moun ap peye $0.*

Cologuard kouvri pa Medicare ak nan pifò gwo konpayi asirans yo.

Nou ka ede w kontakte konpayi asirans ou a pou w poze bon kesyon sou kouvèti asirans lan. Rele nan +1 844-870-8870.



Nou la pou ou

Pou aprann plis sou asirans, ale sou **Cologuard.com/insurance**

*Estimasyon Exact Sciences yo baze sou istorik bòdwo pasyan yo. To kouvèti an varye selon Eta a ak rejyon an. Eksepsyon pou kouvèti ka aplike; se konpayi asirans ou an sèlman ki ka konfime kòman Cologuard ta dwe kouvri.

Detache rapèl sa a konsènan twous Cologuard ou a

Fikse yon objektif pou w fini twous ou a. Ekri l anba a epi mete l yon kote ou abitye kenbe rapèl yo.

Ou bezwen èd?
Vizite **Cologuard.com** oswa rele Swen Kliyan nan **+1 844-870-8870**, chak jou, 6 AM nan 10 PM CT.

Objektif mwen pou retounen twous Cologuard la:
Konsèy: Mete l nan de semèn apre ou fin resevwa twous ou a

Depistaj ki pa anvayisan, fèt jan ou vle

Fè tès depistaj ak Cologuard nan sèlman 3 etap:

1. Enstalasyon

Twous Cologuard ou a ap ekspedye lakay ou epi li rive ak tout enstriksyon ou bezwen yo.

2. Echantiyon

Kolekte yon echantiyon nan yon espas ki prive lakay ou. Sa ap pran sèlman kèk minit.

3. Ekspedye

Apre ou fin pran echantiyon ou an, retounen twous la bay UPS® oubyen pwograme pou yo vin chèche l.

Ou vle wè plis?
Gade videyo sou fason pou itilize nan **Cologuard.com/Use**

Ekspedisyon kit Cologuard ou

Sèvi ak etikèt UPS ki peye davans lan pou w voye kit la tounen bay Exact Sciences Laboratories nan menm jou ou kolekte yon echantiyon oswa nan landmen.

Asire w yon dimanch oswa yon jou ferye pa pral bay reta pou echantiyon ou an tounen

Ou ka chwazi nan pami de (2) opsyon retou gratis yo:

1. Depoze kit la nan UPS. Ale sou **Cologuard.com/UPS** pou jwenn opsyon lokal yo ak lè pou fè depo yo.
2. Planifye sou entènèt pou UPS pase pran l nan **Cologuard.com/UPS** oswa rele nan **+1 844-870-8870** pou jwenn èd.

Endikasyon ak Enfòmasyon Enpòtan sou Risk

Tès Cologuard se pou fè depistaj kay adilt ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk pou kansè kolorektal. Pa itilize tès Cologuard la si ou te gen adenòm, si ou gen maladi anflamatwa entesten ak sèten sendwòm ereditè, oswa yon istwa pèsonèl oubyen istwa nan fanmi pou kansè kolorektal. Tès Cologuard la pa yon ranplasman kolonoskopi kay pasyan ki gen gwo risk yo. Estimasyon pèfòmans tès Cologuard la kay adilt ki gen laj 45-49 lane baze sou yon gwo etid klinik kay pasyan ki gen laj 50 lane oswa plis. Fo pozitif ak fo negatif ka rive. Rx only.

Tanpri gade tout Enfòmasyon Enpòtan sou Risk yo nan Cologuard.com/risk-information.

Referans yo:
1. Itzkowitz SH. Incremental advances in excremental cancer detection tests. *J Natl Cancer Inst*. 2009;101(18):1225-1227. **2.** National Cancer Institute. Cancer stat facts: Colorectal cancer. Accessed November 11, 2024. https://seer.cancer.gov/statfacts/html/colorect.html **3.** CDC. Reducing Risk for Colorectal Cancer. Accessed November 11, 2024. https://www.cdc.gov/colorectal-cancer/prevention/index.html#:~:text=The%20most%20effective%20way%20to,regularly%2C%20beginning%20at%20age%2045. Accessed January 2, 2025. **4.** Siegel RL Miller KD, Wagle NS, Jemal A. Cancer statistics, 2023. *CA Cancer J Clin*. 2023;73(1):17-48. **5.** Wolf AMD, Fontham ETH, Church TR, et al. Colorectal cancer screening for average-risk adults: 2018 guidelines update from the American Cancer Society. *CA Cancer J Clin*. 2018;68(4):250-281.

EXACT SCIENCES

cologuard® Rx only

EXACT SCIENCES CORPORATION
5505 Endeavor Lane, Madison, WI 53719
ExactSciences.com | ExactLabs.com | +1 844-870-8870

Cologuard se yon mak depoze Exact Sciences Corporation. Tout lòt mak komèsyal yo se pwopriyete pwopriyetè respektif yo.

© 2025 Exact Sciences Corporation. Tout dwa rezève.
M-US-CG-06507